Адыгэбзэмк1э тест лэжьыгъэхэр  6-нэ класс  3-нэ четв.

Зэхэзыгъэувар: Псыкуэд къуаэм идэт курыт еджап1эм и егъэджак1уэ Тэнащ Маринэ

1. Сыт фонетикэм иджыр?

   а ) Псалъэхэм я мыхьэнэр

   б )Бзэм хэт макъхэр

2. Псалъэщ1э къэхъуркъым

   а ) префикс, суффикс пыувэк1эрэ

   б) псалъэпкъит1 зэхыхьэк1эрэ

   в) падеж к1эух пыувэк1эрэ

3. Псалъэ лъэпкъыгъуэхэр мэхъу

   а ) и

   б ) бгъу

   в ) пщ1ы

3. Макъзешэ « Э» къигъэлъагъуэу  « А» щатхыр

   а ) Д…хащэ

   б ) Гъэд…хэн

4. Дауэ ятхрэ мы бжыгъэц1эхэр?

   а ) дефис дэту

   б) зэпыту

   в)зэпыхауэ

5. ЕТХУАНЭ  бжыгъэц1эр

   а) зэрабжщ

   б ) зэрызэк1элъык1уэщ

   в) къутахуэщ

6. Зи щхьэ хущыт псалъэ лъэпкъыгъуэхэр мэхъу:

   а ) 4

   б) 5

   в) 6

7. СЫСЕЙ ,ДЫДЕЙ ц1эпапщ1эхэр

а )Щхьэ ц1эпапщ1эхэщ

б) Зыгъэлъагъуэщ

в) Еигъэщ

8. ЗЫЗОТХЬЭЩ1 глаголыр

а ) зыгъэзэжщ

б) зымыгъэзэжщ

9. Лексикэм еджэ:

а) бзэм и макъхэр

б) псалъэм и мыхьэнэр

в) псалъэр зэрызэхэт 1ыхьэхэр

10. Мы псалъэ гупым тэмэму тхар къэгъэлъагъуэ

а) гъэхуэбэн, лажьэнущ,гъащэбэн, зауэ

б) сэбалъэ,жэгъуэгъу, лъэгап1э

в) бэнэн, къэк1уэж, лэжьэрей, щэк1уэгъуэ

11. Псалъэ гупым щыщу жьы хъуа псалъэхэр къэгъуэт:

а) сымаджэщ, хэхып1э. уэрэдылъэ

б) к1эрэхъ, фэ1уадзэ, пхъэ вакъэ

в) сомсакъ, тхьэджэд, пырхъуэ

12. Уэсыр бжыхь лъабжьэхэм щ1эк1акъым.

а ) Глаголыр зэра1уатэ наклоненэм итщ

б) Глаголыр зэрыупщ1э наклоненэм итщ

в ) Глаголыр гъэщ1эгъуэныгъэ наклоненэм итщ

13 . Псалъэжьыр нэгъэсыж:

Акъылым и анэр…

14. КЪЭК1УЭЖАЩ псалъэр зэрызэхэт 1ыхьэк1э зэпкърыхын

15. Нэмыс здэщымы1эм насып щы1экъым

Псалъэжьым къик1ыр къызэрыбгуры1уэр тхы